# “Házirgi dáwir Xanzadası”

*Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı “Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler kafedrası”*

*Kórkem ónertanıw qániygeligi*

*1-kurs studenti* ***Muratbaeva Rayxan***

*Ilimiy basshı:* **Kamalova G. M.**

***Anataciya****: Bul maqalada Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyasi III basqısh studenti ájáyip talant iyesi Ibirayim Yusupov atındağı Mámleketlik stepindiya iyesi Mohigùl Gaipovanıñ ómir jolı hám muzıka madaniyatida tutqan ornı haqqında sóz etiledi.*

***Gilt sózleri:*** *muzıka, mádeniyat, mektep, vokal, konsert, bólim, konkurs, Respublika.*

***Аннотация:*** *Нэтой статье речь пойдет о месте Мохигуль Гаиповой, выпускницы Государственной консерватории Узбекистана и обладательницы Государственной степиндии имени Ибраима Юсупова, в музыкальной культуре.*

***Ключевые слова:*** *музыка, образование, школа, вокал, концерт, отделение, конкурс, Республика.*

***Annotation:*** *In this article we will talk about the place of Mohyul Gaipova a graduate student of the III State Conservatory of Uzbekistan and a winner of the state scholarship named after Ibaraim Yusupov, in the field of iron and music culture.*

***Keywords:*** *music, education, school, vocal, concert, partition, competition, Republic.*



Ájayip talant iyesi, xosh hawaz, Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyasınıń úlgili oqıwshılarınıń biri, miyrimli, kishpeyil insan Mohigúl Gáipova 2002-jılı 18-dekabr kúni Taxiatash rayonı Náyman awılında, ápiwayı jumısshı shańaraǵında dúnyaǵa keledi. Ákesi Anvar Mátkárimov avtomabil texnalogiyası boyınsha jumıs alıp barǵan, al anası Anargúl Abdirasulova bolsa gilem fabrikasında jumıs islegen biraq, házirgi kúnde anası úy bekesi. Mohigúl jaslayınan muzıkaǵa júdá qızıǵadı hám onıń muzıka menen shuǵıllanıwına ákesi sebepshi bolǵan. Ákesi jas waqtında Tashkent qalasınıń ayaq-oyın uchelishesinde 6 jıl dawamında oqıp tálim alǵan, biraq, keyin ala avtomabil texnalogiyası boyınsha oqıp jumıs islegen. Mohigúl shańaraqta ortanshı perzent bolıp, muzıka tarawı menende tek bir ózi shuǵıllanadı. Shańaraq aǵzaları muzıkaǵa qızıǵadı biraq basqa qaniygelikler boyınsha oqıp jumısın dawam ettirgen. Ol 2009-jılı Taxiatash rayonı Nayman awılındaǵı 5-sanlı Orta mekteptiń birinshi klasına oqıwǵa baradı. Mektep dáwirinen baslap muzıkaǵa qızıqqanlıǵı sebepli Mohigúl 2013-jıldan baslap Taxiatash rayonına qaraslı 7-sanlı balalar muzıka hám kórkem óner mektebine baradı. Ol jerde birinshi muzıkalıq sabaqların Estrada vokal bóliminde Dámegúl Bazarbaevadan aladı. Keyin onıń dawısı Estrada vokal jónelisinen kóre kóbirek akademiyalıq vokal jónelisine tuwrı kelgenligi ushın, ustazınıń másláháti menen akademiyalıq vokal bóliminde oqıwın dawam ettirgen. Ol 2015-jılı klass koncertinde birinshi mártebe saxna júzin kóredi.

Mektep dáwirlerinde Mohigúl kóplegen kórik tańlawlarǵa qatnasıp, muzıka mektebin 2018-jılı tabıslı tamamlap shıǵadı. Ol Taxiatash rayonındaǵı 7-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebi menen birgelikte Orta mektepti de tabıslı tamamlaydı, bıraq onıń anası Mohigúldıń muzıkalıq sabaqların dawam ettiriwin qálemiydi. “Qız balaǵa muzıka tarawı tuwrı kelmeydi”-degen pikirde qızın shıpakerlikke oqıtpaqshı boladı biraq, Mohigúl muzıkaǵa qızıqqanlıǵı ushın hám ákesiniń qollap-quwatlawları náteyjesinde muzıka tarawında oqıwın dawam

ettiredi. 2018-jılı jaz ayında ol Nókis qániygelestirilgen mádeniyat mektebiniń akademiyalıq vokal bólimine Baǵdagúl Jaqsımuratova klasına oqıwǵa tapsıradı. Bunnan soń ustazınıń 2 jıllıq miynetlerin aqlaǵan halda, óziniń tınımsız izleniwleri náteyjesinde 2021-jılı Mohigúl Nókis qalasında jańadan ashılǵan joqarı oqıw ornı Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı Akademiyalıq vokal bólimine oqıwǵa tapsırıp, mámleketlik grand tiykarında oqıwǵa kiriw baxtına miyassar boldı. Bul jerde Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri, "Shuxrat" medalı hám doslıq ordeni iyesi, professor Abat Qállievtan sabaq alıp kelmekte. Sol qatarda Mohigúl ustazı berip atırǵan bilimleri arqasında házirgi kúnde kóplegen jetiskenliklerge eriskenligin aytıp ótti.

Mohigúl Gáipovanıń jetiskenliklerin sanap ótetuǵın bolsam ol 2022-jılı mart ayında bolıp ótken "Yoshlik bahori" atlı jas opera atqarıwshıları kórik tańlawınıń Ózbekistan Respublikası basqıshında 2-orındı iyeledi. Onnan soń áyne usı jılı yaǵnıy 2022-jılı Germaniya mámleketiniń Drezden qalasında bolıp ótken "Winder of Drezden" atlı kórik tańlawda qatnasıp laureat bolıw baxtına miyassar boldı. Bul jetiskenliklerden soń aradan bir jıl ótip 2023-jılı Sentyabr ayında Qırǵızıstan Respublikası Bishkek qalasında bolıp ótken "Jetinshi xalıq aralıq jas atqarıwshılar Romanciyadası"nda qatnasıp sıylı III orındı alıw hám laureat bolıw baxtına eristi. Keyin 2023-jılı Noyabr ayında Italiya mámleketi Prezidenti aldında óz ónerin kórsetiwge hám Italiya basshısı Serju Materello menen sáwbetlesiwge miyassar boldı.

Mohigúl Gáipova Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialına oqıwǵa qabıl etilgennen berli ustazlarınan jaqsı tálim alıp, qániygelik sabaqları hám kórik tańlawlarǵa qalmay qatnasıp, qalaberse hár túrli ilimiy maqalalar jazıp, bul maqalalardı shet el mámleketlerine shıǵarǵanlıǵı hám óz ústinde tınımsız izlengenligi sebepli 2022-2023-oqıw jılınıń dekabr ayında ataqlı stepindiya Qaraqalpaq ádebiyatınıń belgili wákili, Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı "Ózbekistan Qaharmanı" Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, Qaraqalpaq poeziyasınıń bay teregi "Ibirayim Yusupov" atındaǵı stepindiyanı qolǵa kiritti. Ol hár túrli temalardaǵı ilimiy

maqalalar jazǵan, bul maqalalardıń biri "Qaraqalpaq kórkem ónerinıń vokal janrında Abat Qálievtiń tutqan ornı". Bul maqala eń birinshi jazılǵan maqala bolıp 2022-jılı Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialında ótkerilgen konferenciyada baspadan shıqtı. Onnan soń Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan Respublikalarına xızmet kórsetken artist, xalqımızdıń tanıqlı qosıqshılarınıń biri Roza Qutekievaǵa arnap bir maqala jazǵan hám Ispaniya qalasında baspadan shıqtı. Jas muzıka háweskeri ákademiyalıq vokal bóliminde tálim alsa da muzıkaǵa hám maqala jazıwǵa degen qızıǵıwshılıǵı sebepli hár túrli mámleketlerge hám Ózbekistan kólemine maqalalar jazıp turǵan, bulardan "Sánáát va mádaniyat" atlı Ózbekistan kólemindegi jurnaldan Bazarbay Nodirov haqqındaǵı, óziniń muzıka tarawındaǵı birinshi ustazı Baǵdagúl Jaqsımuratova haqqındaǵı, Britaniya hámde bunnan da basqa qalalarda kóplegen maqalaları baspadan shıqqan. Mohigúldıń bul jetiskenliklerine erisiwde ata-anası hám ustazlarınıń ornı áhmiyetli. Jánede Mohigúldiń ustazlarǵa húrmet kóz qarası menen qarawları, úlkenge húrmet kishige izzet kórsetiwi, oqıwda ózin tutıwı hám saxnada ózin uslap bilgenligi, jáne de hár tárepleme ózin kórsete alǵanlıǵı náteyjesinde hám joqarıda kórsetilip ótilgen isnaniy páziyletleri usınday jetiskenliklerge erisiwine járdem berdi dep oylayman.

Bunnan basqa onı hár kúni baqlap barıw náteyjesinde ol mende ózgeshe bir kóz qaras qaldırdı. Men Mohigúldi kishpeyil insanlar menen tez kirisimli insan ekenligin bildim. Mohigúldiń kiyiniw stilide ózine tán, ol kóbinese oqıwda da, kóshede de, jumısta da ózin emin erkin sezinip júriw ushın ózine jarasımlı, ashıq reńdegi kiyimlerdi kiyiwdi unatadı. Rasında da ashıq reńdegi kiyimler ogán júdá jarasıp turadı dep oylayman. Psixologlardıń aytıwı boyınsha kóbinese aqshıl kiyim kiygen insanlar tábiyattan miyrimli, aq kewil hám hár túrli jaǵdayda da ózin uslay alatuǵın insanlar boladı eken degen pikirge isenbes edim bıraq, men bul insanniń ómir jolın jazǵan waqtımda joqarda aytılǵan pikir durıs ekenligine kózim jetti.

Mohigúl Gáipova menen sáwbetimiz barısında óziniń aytıwı boyınsha onıń ómirinde saxna úlken áhmiyetke iye, sebebi hár bir kórkem óner tarawında júrgen insanlarda ózinde bar qábiliyetin usı saxna arqalı adamlarǵa kórsete aladı. Álbette

saxnanıń óziniń mádeniyatı hám húrmeti bar, Saxna bul sen ómirde qanday adam ekenińdi, mádeniyat tarawında qanday jetik kadr ekenińdi kórsetip bere aladı dep pikir bildirdi. Jas talant iyesi ómirde de, saxnada da, insanlar kózine jaqın tartımlı qız dep oylayman ol saxnada ózin hám qáddi qáwmetin saqlap qalıw ushın kúndelikli sport shınıǵıwları menen shuǵıllanıp turadı eken, jáne onıń kúndelikli awqatlanıw tártibi de basqa insanlarǵa qaraǵanda ajıralıp turadı, maylı jáne de qamırlı awqatlar jemesten dawsına júdá jaqsı qaraydı eken.

Ol konsertlerge tayarlanıp atırǵan waqtında birden óz qahármanıń obrazın yaǵınıy shıǵarmasın atqarıp ketpesten aldın dawıs shınıǵıwların atqarıp dawsın jolǵa qoyıp alıwın ayttı hám sáwbetimiz dawamında basqa da usı muzıka tarawı menen shuǵıllanıwshı insanlarǵa usılay jol tutıwın másláhát berdi. Sebebi insan dawsı azanǵı waqıtta 2 saatsız ashılmaydı sonıń ushında insan fizikalıq tárepten dem alıp bolǵannan keyin birden qosıq aytpawı kerek dep másláhát berdi.

Mohigúl Gáipova menen sáwbetimiz dawamında keleshekte aldına qoyǵan maqsetleri haqqında da azǵana pikir almastı onıń aldına qoyǵan úlken maqsetlerinen biri Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialın tabıslı tamamlap Magistir basqıshına oqıwǵa kiriw, onnan soń Qaraqalpaq operaların jáhán saxnalarında atqarıw, bolıp esaplanadı. Ol házirgi waqıtta S.V.Raxmaninovtıń Aleko operası ústinde islep atır. Sonıń menen bir qatarda qaraqalpaqtıń hayal qosıqshıları I. Aytniyazova, R Qutekieva, A. Nadirova sıyaqlı xalqımız arasında keń tanılıp muzıka mádeniyatımızdıń rawajlanıwına óziniń úlesin qosıwı haqqında pikirler ayttı. Mohigúl Gáipovanıń oqıwlarında hám aldına qoyǵan maqsetlerin ámelge asırıwına tileklespen.

**Paydalanıǵan ádebiyatlar:**

Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – T. 2. – №. 10. – С. 880-884.

Gulxumar D., Gulmaryam K. BASHEROV DYNASTY //World scientific research journal. – 2023. – T. 22. – №. 2. – С. 26-31.

Abdikarimova I., Kamalova G. KARAKALPAK FOLKLORE //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 2. – С. 1237-1239

Madrimova T., Kamalova G. M. TEACHERS ARE DEAR… //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1.

To‘xtajon M., Kamalova G. M. XORAZM DOSTONCHILIKI //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2024. – Т. 16. – №. 3. – С. 30-35.

Segizbaeva G., Kamalova G. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE SAHNA HÁM KINO MUZIKASI //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 289-294.

Dauletyarova G., Kamalova G. A LOOK AT THE WORK OF TEACHER POLATBAY QURBANAZAROV //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 283-288.

Kamalova G. M. et al. KÓRKEM ÓNER TARAWÍNDA ÁDEBIYATLARDÍŃ TUTQAN ORNÍ //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2024. – Т. 16. – №. 2. – С. 296-299.

Ulzada O., Kamalova G. M. QARAQALPAQSTANDA OPERA JANRINIŃ RAWAJLANIWI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 37. – №. 2. – С. 36-40.

Pirnazarov B., Kamalova G. PEOPLE'S FAVORITE SINGER SAGINBAI MATMURATOV //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 263-2668.

Saparova G. S., Kamalova G. M. M. TARIKHOV'S ROLE IN THE KARAKALPAK MUSICAL CULTURE //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 276-282.

Muratbaeva R., Kamalova G. M. MULTI-FACETED MONOCHROME //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 269-275.

Ulzada O., Kamalova G. M. QORAQALPOQ SOZ ASBOBLARI KELIB CHIQISHI //Journal of new century innovations. – 2024. – Т. 44. – №. 2. – С. 166-168.

Jamǵırbaevna N. A. QISSAXONLAR //BOSHQARUV VA ETIKA QOIDALARI ONLAYN ILMIY JURNALI. – 2023. – Т. 3. – №. 5. – С. 113-116.

Чаршемов Ж. МУСТАҚИЛЛИК ЙИЛЛАРИДА ЎЗБЕК КИНОМУСИҚАСИ //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 16-22.

Charshemov J. Karakalpak bakhshis and schools of bakhshi art //Teoretical and Applied Science (ISSN: 2409-0085). – 2023. – Т. 118. – С. 178-180.

Jamil Charshemov. (2024). PROCESSES OF REALIZATION OF KARAKALPAK FOLKLORE IN SYMPHONIC MUSIC OF 30-80 YEARS OF XX- CENTURY. *Web of Teachers: Inderscience Research*, *2*(1), 33–36.

PROCESSES OF REALIZATION OF KARAKALPAK FOLKLORE IN SYMPHONIC MUSIC OF 1990-2010 OF XX-XXI CENTURY. (2024). *Western European Journal of Modern Experiments and Scientific Methods*, *2*(1), 37-41.

Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 3. – С. 270-273.

Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.

Чаршемов Ж. БАЛЕТДА ЖЖ НОВЕР РЕФОРМАТОРЛИГИ //TADQIQOTLAR. UZ. – 2024. – Т. 33. – №. 2. – С. 20-25.

Charshemov J. XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 22-27.

Charshemov J., Muratbaeva R. JAŃA RUXTAǴI XALIQ QOSIQLARI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 16-21.

Charshemov J., Orazalieva G. BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 49-53.

To'xtajon M., Charshemov J. O'ZBEK MUSIQASIDA LAZGINIŃ TUTGAN O'RNI VA UNING TURLARI //TADQIQOTLAR. UZ. – 2024. – Т. 36. – №. 3. – С. 163-166.

IT A., JA C. JAŃA ÓMIRGE QÁDEM BASQAN XALÍQ QOSÍQLARÍ //TADQIQOTLAR. UZ. – 2024. – Т. 36. – №. 3. – С. 158-162.

Axmetovna M. A., Charshemov J. A. POLIFONIYANIŃ RAWAJLANIW DÁWIRLERI HÁM POLIFONIYALIQ FORMALAR //TADQIQOTLAR. UZ. – 2024. – T. 36. – №. 3. – С. 167-171.

Muratbaevna J. X., Charshemov J. A. QUNÍN JOǴALTPAǴAN NAMALAR //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2024. – Т. 19. – №. 5. – С. 28-33.

Sh S. G., JA C. JANǴA JAǴÍMLÍ NAMALAR //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2024. – Т. 19. – №. 5. – С. 16-21.

Jamil C. et al. OHANGLAR JILOLANGANDA //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2024. – Т. 19. – №. 5. – С. 22-27.

Gulxumar D., Gulmaryam K. MODERN SCIENCE AND RESEARCH //MODERN SCIENCE. – 2023. – Т. 2181. – С. 3906.